***<u>1-bólim.Hárbir soraw 0.9 ball menen bahalanadı</u>***.

**1.** Atlıq sózlerdiń gáp ishinde basqa sózler menen grammatikalıq baylanısqa túsip sáykes jalgawlardı qabıl etiwi … delinedi. Qaǵıydanı tolıqtırıń.
A) Atlıqtıń sepleniwi
B) Atlıqtıń betleniwi
C) Atlıqtıń tartımlanıwı
D) Atlıqtıń kóplik jal ǵ awlı keliwi

**2.** Bir danıshpan aqmaq patshanıń oqtı nıshanǵa tiygize almay turǵanın kórip, ózi nıshannıń janına barıp turıp alıptı. Jıynal ǵanlar: - Nege onday ettiń?-dep soraptı. Danıshpan olarǵa: - Oq maǵan tiyip ketpesin dep saqlıqtan kelip otırdım, - depti. Úzindi qaysı shıǵarmadan alınǵan?
A) “Oyınnan oymaq”
B) “Tegin nan”
C) “Bizler bir úyde jasaymız”
D) “Teńizdi toltırǵan egiz batırlar”

**3.** Is-háreket penen oniń islewshisi arasındaǵı mánilik qatnaslardı bildiretuǵın feyiller ... dep ataladı . Kóp noqattıń ornına qoyılatuǵın tiyisli juwaptı tabıń.
A) Feyil meyilleri
B) Feyil máhalleri
C) Feyil dárejeleri
D) Awıspalı feyiller

**4.** Báhár, dárwaza, keshe sózleri tilimizge qaysı tilden ózlesken?
A ) Rus B) Inglis
C) Arab-parsı D) Túpkilikli sóz

**5.** Gáptiń ulıwmalıq mazmunına qatnaslı bolıp, kiris aǵza xızmetinde qollanılatuǵın almasıqlar qaysı juwapta berilgen?
A) belgilew, belgisizlik
B) betlik, jámlew
C) soraw, ózlik
D) siltew, soraw

**6.** Qızılkóktiń Ámiwdáryanıń aǵısınday aǵıp kiyatırǵan jorǵasın qalıń toǵaylıq eriksiz buzdırdı. Qızılkók jorǵasın buzǵan jerde, Erjan basın tejeńkirep qoyadı. Qızılkók qaytadan júrisin dúzeydi. Úzindi qaysı shıǵarmadan alınǵan?
A) “Aral qushaǵıında”
B) “Mıńlardıń biri ”
C) “Internatta”
D) “Awır sınaqlar”

**7.** «Suw haqqında ballada» shı ǵ armasınıń avtorı kim?
A) J.Aymurzaev B) X.Seytov
C) I.Yusupov D) A. Begimov

**8.** Emocional-ekspressivlik mánide kelgen sóz-gáplerdi tabıń.
A) Háy shımshıq! Qırǵıy bolgısı kelgen shımshıq! Ízǵardan shań shıǵara jaqsań ba? — dedi Maman biy.
B) Oho! Qanday sheber usta bolıp, jetisip shıqtı.
C) Bárekella! Mine, bunı qaharmanlıq dese boladı.
D) Jit! Jit! — dep jańa kelgen Xojanazar Qádirbaydıń qasqırday iytlerin kesekledi.

**9.** «Qırq qız» dramasında Gúlayım Dárbent tawda qaysı xannıń láshker basshısı menen ushırasadı?
A) Nádirshaxtıń, Kóbikli dáw menen
B) Nádirshaxtıń, Qulımsay menen
C) Surshaxannıń, Qaradáw menen
D) Surshanıń, Alańgasar dáw

**10.** Neshinshi ásirden baslap arab álipbesine tiykarlanǵan túrkiy xalıqları ushın ortaq ádebiy til qáliplesedi?
A) IX ásir
B) X ásir
C) XI ásir
D) XII ásir

***2-bólim. Hárbir soraw 1.7 ball menen bahalanadı*.**

**11.** Jiyen jırawdıń "Posqan el" tolǵawı qaysı jırawdıń qoljazba kitabınan kóshirilgen?
A) Bektursın B) Bekmurat
C) Nurabılla D) Qıyas

`**12.** Qaraqalpaq xalqınıń basıp ótken turmısına baylanıslı aytılǵan «Qaraqalpaq qırq jola shabılǵan eken»degen qatarlar qaysı shayır dóretpelerinde ushırasadı?
A) Berdaq B) Kúnxoja
C) Ájiniyaz D) Omar

**13.** I.Yusupovtıń «Máńgi bulaq»shıǵarması qanday poema?
A) ápsanawiy-fantastikalıq poema
B) liro-dramalıq poema
C) romantikalıq poema
D) liro-epikalıq poema

**14.** «Qoblan» dástanı boyınsha izertlew júrgizgen belgili ilimpaz kim?
A) A.Nawmov B) D.Aytmuratov
C) Q.Maqsetov D) K.Allambergenov

**15.** Orxon-Enisey jazıwındaǵı inisi Yollıq tárepinen ornatılǵan estelik kimniń húrmetine arnalǵan?
A) Mogilan B) Tonıkok
C) Kultegin D) Anatoliya túrkleri

**16.** Kóp jumıslar islew kerek boldı jerdi tegis etip kartalaw shorlıqtan tazalaw ushın qum hám hasıl topıraqlar tógiw suw alıp keliw mine usınday isler shaqqan islewdi kútip tur. Gápte neshe irkilis belgileri túsirilgen?
A) 6 B) 3
C) 5 D) 4

**17.** Mısallardıń qaysı birinde birgelkili bayanlawısh túsindiriwshi aǵzasına iye bolıp kelgen?
A) Dáryanıń eki jaǵası jasıl aq terektey sallanǵan qamıs, pishen, jeken.
B) Maman quwandı, biraq marapatlanbadı.
C) Tábiyat jılma-jıl óziniń máwsimi kelip, az irkilis jasaydı da, jáne aldına qaray zırlay beredi.
D) Ol aytajaq bolıp oylanıp turdı da úndemedi.

**18.** Shıǵaman sawash maydanǵa,
Qızıǵımdı kóreseń,
Endi sennen sorawım,
Sol sawashqa shıǵıwǵa,
Jeti kún máwlet bereseń. Úzindi kimniń tilinen bayan etilgen?
A) Surtaysha B) Nádirsha
C) Kóbikli dáw D) Ǵarǵashıq

**19.** Sol waqıtta jay jan ǵ an ottıń ushqını jalın ǵ a aynaldı, al jalınnan órt payda boldı. Mısalda qanday gáp berilgen?
A) biriktiriwshi mánili dánekerli dizbekli qospa gáp.
B) awıspalı mánili dánekerli dizbekli qospa gáp
C) qarsılas mánili dánekerli dizbekli qospa gáp
D) gezekles mánili dánekerli dizbekli qospa gáp

**20.** "Ol" alması ǵ ı qaysı seplik penen túrlengende l sesi n sesine almasıp qollanıladı?
A) Iyelik B) Tabıs
C) Shı ǵ ıs D) Barıs

***3-bólim. Hárbir soraw 2.4 ball menen bahalanadı*.**

**21.** Kóp noqattıń ornına juwan, eziwlik, qısıq dawıslı sestiń talabına birdey juwap beretu ǵ ın hárip qoyılatu ǵ ın sózlerdi belgileń. ***1)...sbap, 2) orf...grafiya, 3)...nsiz, 4)...pepek, 5) gúrt...k, 6)...rǵaqlı, 7) jaz...wshı, 8) gúńg ...rt.***

A) 1, 3 B) 6,7 C) 2,4 D) 5,8

**22.** Barlıq gáplerdegi sózlerdi túbir hám qosımtalarǵa ajıratqanda qaysı sóz shaqabınan jasalǵan dórendi sózler kóp qollanılǵan? (6-klass) ***1) Ernazardıń jaqsılıǵı kópshilikke úlgi boldı. 2) Dáslep qoylardı sana, onnan soń suwǵar. 3) Baxıt russha sóylegenlikten basqalar rus jigiti bolsa kerek dep oyladı. 4) Ana tilim bolǵan túrkiy tilimseń.***
A) ráwish B) kelbetlik
C) atlıq D) feyil

**23.** Kórkem ádebiyat óziniń neshe túrli hám qanday belgisine iye?
**A)** 1) Ádebiyat xalıqtıń múlki;
2) Kórkemliliginiń kúshli bolıwı;
3) Kórkem ádebiyat óziniń belgili avtorlarına iye bolıwı kerek;
4) Janrlıq ózgesheligi
**B)** 1) Awızeki dóretiliwi;
2)Turmıstı kórkem obrazlılıq penen súwretlew;
3) Ádebiy shıǵarmanıń belgili bir avtordıń atı menen atalıwı;
4) Sheberlilik penen atqarılıwı.
**C)** 1) Ádebiyat keń jámiyetshilik sıpatqa iye; 2) Kórkem ádebiyat óziniń belgili avtorlarına iye bolıwı kerek;
3) Kórkemliliginiń kúshli bolıwı.
**D)** 1) Kórkem ádebiyattı hámme oqıydı;
2) Jeke avtor hám onıń pikiri ayrıqsha orınǵa iye bolıwı; 3) Shıǵarmanıń avtorınıń belgisizligi.

**24.** Qaysı gáptegi feyildiń túbiri kelbetlik sóz benen omonim bola aladı?
A) Qolı ádewir kelisip qalǵannan keyin anasına arnap kóylek tikti.
B) Bul eski stansiyadan tún qarańǵısında poezdlar uzın gudok berip ótedi.
C) Awılǵa barǵanında japqa shomılıp, tústen keyin balıq tuttı.
D) Qaladan alıp kelgen miywe-shiyweleriniń barlıǵın muzlatqıshqa qoydı.

**25.** Tirkewishli kelgen basqarıw usılındaǵı sóz dizbegi qollanılǵan gápti belgileń.
A) Arqannıń ushın arbanıń múyeshine baylap qoydı.
B) Matematikalıq másele men ushın qıyın emes.
C) Qońsılarımız bizlerge tańlanısıp qaray basladı.

D) Nurxoja menen Teńel mashinanı ońlap atır.

**26.** Keńeytilgen baslawıshlar qanday sózler arqalı bildiriledi ?
A) Kelbetlik feyil hám atawısh feyillerdiń basqarıwında ǵ ı toplamlardan
B) Sintaksislik bóleklerge bólinbeytu ǵ ın qospa sózlerden.
C) Barlıq feyil toplamlarınan
D) Ataw sepligindegi dizbekli qospa sózlerden.

**27.** Sózlerdiń seplik qosımtaları hám tirkewishler arqalı baylanısıwına basqarıw delinedi. Bul qa ǵ ıydada qaysı seplik qosımtaları názerde tutıl ǵ an?
A) Barıs, tabıs, orın, shı ǵ ıs
B) Ataw, iyelik barıs, orın
C) Iyelik , barıs, tabıs, orın
D) Barıs, tabıs, orın, ataw

**28.** Birikken qospa sóz qatnasqan mısallardan jeke tur ǵ anda leksikalıq máni ǵ e iye bolma ǵ an sóz qollanılma ǵ an ǵ ápti bel ǵ ileń.
A) Kishipeyil ji ǵ ittiń kókire ǵ i qarıs ayırılıp ne ǵ e jas tókpesin?!
B) Qazalı menen Taxtakópir aralı ǵ ında ǵ ı sharwashılıqqa beyim keń jaylaw.
C) Qaraqalpaq xalqınıń maqtanıshı Ájiniyaz hám shayır, hám dilwar bol ǵ an.
D) Men Sabırbaydı jaqsı bilemen, sebebi balalıq dáwirdi bir ǵ e ótkerdim

**29.** Juwaplardan “´Injıqtıń muhabbatı” shı ǵ armasına baylanıslı durıs berilgen ma ǵ lıwmattı tabıń.
A) Bul K.Raxmanov tárepinen komediya janrında jazıl ǵ an shı ǵ arma.
B) E.Vahidovtıń bul dramalıq shı ǵ arması qayta qurıw ideyası menen tereń suw ǵ arıl ǵ an.
C) Insanıylıq pazıyletin mal-dúnya menen almastır ǵ an adamlardıń ómirin sóz etedi.
D) Ańsat jol menen pul tabıwshılar komediyalıq usılda sın ǵ a alın ǵ an.

**30.** Siz de ne isleseńiz, men de sonı isleymen. Qatnaslıq sózdiń qatnasına qaray qaysı bağınıńqılı qospa gáp?
A) Anıqlawısh ba ǵ ınıńqılı qospa gáp
B) Tolıqlawısh ba ǵ ınıńqılı qospa gáp
C) Pısıqlawısh ba ǵ ınıńqılı qospa gáp
D) Bayanlawısh ba ǵ ınıńqılı qospa gáp